

## **TRESNA KAPENGGAK DRAJAD SAJRONE NOVEL KETEMU SUWIRANE DAGING**

**Mokhammad Satria Nugraha WahyuPutra**

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
Irfanc.a@mhs.unesa.ac.id@mhs.unesa.ac.id

**Drs. H. Bambang Purnomo, M.S**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### **Abstrak**

Konflik sosial mujudake prekara-prekara sing tuwuhan jalaran anane sesambungan manungsa siji lan sijine. Novel *Ketemu Suwirane Daging* (KSD) anggitane C. IS Sarjoko ngandharake maneka werna konflik sosial sing dumadi antarane paraga siji karo paraga liyane, nanging luwih mligi ing konflik sosial sing dumadi saka tuwuhan rasa tresna antarane paraga siji lan sijine, nanging tresnane kapenggak amarga kekarone nduweni status sosial kang beda. Underane panliten yaiku: (1) Kepriye kalungguhane manungsa ing bebrayan sajrone novel Ketemu Suwirane Daging, (2) Apa sing njalari perkara sosial sajrone novel Ketemu Suwirane Daging, (3) Kepriye cara mrantasi konflik sosial ing novel Ketemu Suwirane Daging, (4) Kepriye gayutane perkara sosial sajrone novel Ketemu Suwirane Daging karo kahanan ing masyarakat.

Ancase saka panliten yaiku kanggo Ngandharake kalungguhane manungsa ing bebrayan, sajrone novel “Ketemu Suwirane Daging,” saliyane yaiku ngandharake apa sing njalari perkara sosial sajrone novel “Ketemu Suwirane Daging,” ngandharake ngenani kepriye cara mungkasi perkara sosial sing ana ing novel “ketemu suwirane daging”, uga gandharake ngenani gayutane perkara sosial sajrone novel karo kahanan ing masyarakat.

**Tembung wigati:** tresna, drajat, novel, sosiologi sastra

### **PURWAKA**

Karya sastra kuwi dirasa wigati lan dibutuhake tenan ing masyarakat, amarga saka karya sastra, masyarakat bisa njupuk piwulang kang becik, lan kekarone uga nduweni sesambungan kang raket. Masyarakat lan sastra nduweni sesambungan sing raket banget, amarga reriptan sastra kuwi mujudake asil saka sawenehing kagiatane manungsa saengga karya sastra dadi bageyan saka masyarakat nganti saiki. Manekawerna piwulang lan tuladha kang becik bisa dijupuk saka karya sastra, amarga saka iku sastra dadi bageyan kang wigati tumrap masyarakat.

Sajrone Suwarni (344: 2018) karya sastra yaiku asil ciptaning penggurit sing diandharake lumantar basa, sing wujude lisan utawa tulis, sing ngandhut kaendahan. Endahing sastra diawas saka isi, basa utawa unsur liya pawujudane. Sastra dadi sawijine panglipur, saliyane dadi panglipur, karya sastra uga ndhuweni manfaat kangege pamaca. Saka maca, para pamaca bisa mangertenip pesen lan tujuwane penggurit.

Karya sastra sejatiné arupa rangkuman ngenani tumindhake manungsa, utawa pakulinane masyarakat ing wektu sastra kuwi diripta. Para panliti saiki bisa ngarani yen sastra kuwi bisa dianggep dadi sawijine *fenomena* sosial budaya. Lantaran karya sastra mau, para panliti saiki isih bisa nliti kabudayan, adat lan apa pamikiran masyarakat ing wektu iku, kanthi cara nyinaoni lan nganalisis serat-serat sing wis diripta dening sastrawan jaman biyen. Masyarakat jaman biyen nduweni tumindak

sing dibolan-baleni sing ndadekake kulina, tuwuhan lan ngrembaka nuwuhake apa sing jenenge tradhisi. Masyarakat Jawa raket sesambungane karo adat lan tradhisi, amarga wong Jawa ngerti kalungguhane dheweke ing masyarakat.

Sajrone masyarakat, kadhang ana saperangan pawongan kang nduweni kalungguhan kang beda. Kalungguhan kang beda-beda ndadekake pawongan mau nduweni hak lan kuwijaban kang beda-beda uga, sing ndadekake samubarang kang ora padha antarane masyarakat siji lan sijine, amarga sing mbedakake status antarane manungsa mung saka kalungguhan lan *peranan*. Kalungguhan lan *peranan* sing ora padha ing bebrayan mau bisa nuwuhake konflik sajrone masyarakat. Babagan sing beda kuwi mau bisa ndadekake wates utawa let-let antarane manungsa lan bisa mujudake *kecemburuan sosial* sing ndadekake konflik masyarakat, perangan kuwi biasa diarani status sosial.

Masyarakat lan status sosial ora bisa dipisahake, amarga status sosial bisa wae didadekake piranti kangege merang masyarakat, tujuwane bisa kangege nliti samubarang sing ana sesaambungane karo sosial masyarakat. Sejatiné masyarakat wis ora nggumun maneh karo sing jenenge status sosial utawa klas sosial, amarga istilah status sosial kuwi wis ana wiwit biyen. Jaman biyen status sosial ya dirasakake banget ana ing satengah-tengahing masyarakat nganti saiki, amarga bebrayan jaman saiki taksih keprabawan lan nggunakake

kabudayan tradhisi adat Kraton, utawa taksih nduweni sipat *istana sentris*.

Nalika jaman Kraton, strata sosial diugemi nganti tenanan. Wong biasa lan kulawarga katumenggungan drajate dibedakake. Sing isih nduwe turunan trahing ngaluhur, nduwe aji kang luwih gedhe tinimbang wong biasa. Tuladhane kulawarga raja, yen nduwe pepenginan nduwe sisihan wong biasa, sak njabane kulawarga ngaluhur ora gampang, saora-orane kudu sak drajat anggene mangun bale wisma. Diajab, supaya turunane mengko isih nduwe turunan ngaluhur.

Yen ing jaman saiki, budaya mbeda-bedakake status ing masyarakat kaya ing jamane *istana Sentris* wis akeh dikurangi lan saya suwe saya *bergeser* ing babagan kang beda. Senadyan akeh-akehe sipate kang padha kaya biyene, klas sosial saiki bisa arupa jabatan. Bisa jabatan ing sajrone makarya, sing wiwitane mung karyawan biasa saiki bisa munggah ing babagan kang luwih dhuwur lan dadi pimpinan. Bocah sekolah uga bisa diarani yen klebu dadi status sosial, Siswa dhewe nduweni pangerten yaiku manungsa sing lagi nglakoni sawijine pendhidhikan, sing kanggone supaya dheweke bisa nguwasani keprigelan sing lagi disinaoni kuwi.

Status sosial nduwe jinis-jenis kanggo mbedakake status sosial siji lan sijine. Ana istilah *Ascribed Status*, status sosial iki bisa di duweni tanpa rekasa amarga status iki wis ana ing DNA lan wis diduweni nalika wiwit lair, amarga status iki cara ngolehake mung kanthi cara turunan, tuladhane kayata, jinis kelamin, ras, keturunan, kasta, basa lsp. Sing kaping loro ana istilah *Archived Status*, status sosial iki bisa diduweni kanthi cara makarya, kerja kanthi tenanan lan ngupaya supaya bisa nduwe status iki. Tuladhane status iki yaiku prestasi, kwalitas pribadi, tingkatan pendhidhikan lan jabatan. Sing pungkasan yaiku *Assigned Status*, status sosial iki bisa diduweni ing satengah-tengahing masyarakat, biasane status iki kangge wujud pakurmatan saka masyarakat. Tuladhane kayata pawongan sing diparingi gelar pahlawan, gelar murid teladan, lsp. (Soekanto 2010:210)

### Underane Panliten

Adhedasar lelandhesan panliten kang wis diandharake ing ndhuwur mau, mula kang dadi underane panliten iki yaiku:

- 1) Kepriye kalungguhane manungsa ing bebrayan sajrone novel *KSD* anggitane C.Is.Sarjoko?
- 2) Jalaran kang kepriye sing bisa ndadekake perkara sosial ing novel *KSD* anggitane C.Is.Sarjoko?
- 3) Kepriye cara mrantasi konflik sosial ing novel *KSD* anggitane C.Is.Sarjoko?
- 4) Kepriye gayutane perkara sosial sajrone novel *KSD* anggitane C.Is.Sarjoko ing kasunyatan?

### Watesane Panliten

Panliten ngenani karya sastra iki nduweni wewatesane panliten. Supaya panliten iki ora kekamban anggene njelentreheke bab-bab sing ana ing novel iki, mula sajrone panliten iki ana watesane panliten. Novel anggitane C.Is.Sarjoko iki bakal ningtingi apa wae kang mbangun karya sastra kasebut mliline ngenani status sosial sing ana ing novel Ketemu suwirane daging anggitane C.Is.Sarjoko

- (1) Panliten iki nyoba njelotreheke bab ngenani status sosial sing ana ing novel *KSD* anggitane C.Is Sarjoko.
- (2) Dhata kanggo panliten iki dijupuk saka Novel *KSD*, Anggitane C.Is Sarjoko.

### Panjentrehe Tetembungan

#### 1) Status sosial

Status sosial nduweni pangerten, yaiku *identitas individu*/ utawa titikane pawongan sing bisa dienggo kangge merang jinis sosiale manungsa. Miturut Ralph Linton (sajrone Gunawan, Ary H. 200:40). Sajrone pangerten kang abstrak (nduweni sesambungan karo kalungguhane manungsa). Status kuwi arupa sawijine kalungguhane manungsa sajrone *pola* tartamtu.

#### 2) Konflik

Konflik mujudake sawijine proses sosial antarane pawongan, klompok-klompok pawongan, kanggo nyingkirake liyan sing dianggep mungsuh kanthi ngrusak lan nglumpuhake liyan (Nurgiyantoro, 2009: 122).

#### 3) Fiksi

Sawijine critane asipat rekaan lan khayalan. Crita kuwi ora kedadeyan ing kasunyatan saengga ora perlu digoleki kepriye satemene (Nurgiyantoro, 2009: 2).

#### 4) Novel

Sawijine karya fiksi kang ngungkapke *aspek-aspek* kamanungsan luwih gamblang lan luwih jlentreh anggene ngungkapake rasa kanthi alus lan cetha Miturute Nurgiyantoro (1995: 9).

#### 5) Alur

Sawijine istilah teknis sing bisa nggayutake kedadeyan-kedadeyane para paraga sajrone crita (Robert W. Boynton lan Maynard Mack sajrone Sukada, 1993: 70)

#### 6) Sosiologi Sastra

Salah sawijine ilmu kangge nganalisis kanthi cara langsung antarane sastra lan masyarakat (Ratna, 2003:3)

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan kapustakan bakal ngandharake ngenani tintingan kang saemper lan teori sarta konsep kang gegayutan karo underaning paliten, yaiku ngenani gegambarane status sosial lan konflik sosial sing tuwu amarga anane status sosial ing masyarakat. Panliten kanthi irah-irahan *Tresna Kepenggak Drajat Sajrone Novel Ketemu Suwirane Daging Anggitane C.Is. Sarjoko Tintingan Sosiologi Sastra*. Ngunakake tintingan kang saemper karo panliten liyane, uga nuduhake anane pambeda karo panliten sing wis ana.

### Sastra Jawa Moderen

Novel sejatiné ora beda karo karya sastra liyane, wujude memper karo cerbung cerkak lan sapanunggale, nanging ana pambedane karo karya sastra sajinise, kayata novel kuwi paling sithik kasusun saka satus lembar lan nduweni alur sing *kompleks*, critane dawa lan luwih *kompleks* tinimbang cerkak, lan nduweni wewatesan struktural. Novel minangka crita kang wujude fiksi (*imajinatif*). Crita fiksi yaiku crita rekan utawa crita khayalan, amarga crita fiksi minangka karya naratif kang nduweni isi crita kang beda karo kasunyatan (Abraham sajrone Nurgiyantoro, 2010: 2). Andharan ing nduwur padha karo unsur-unsur sing ana ning cerkak lan cerbung. Unsur unsur novel dibagi dadi loro, yaiku unsur intrinsik lan ekstrinsik lan awujude prosa. Unsur intrinsik bisa diperang maneh, Nurgiyantoro (2010:10) ngandharake yen perangan intrinsik yaiku unsur kedadeyan, plot, tema, paraga lan latar, unsur ekstrinsik uga bisa diperang dadi babagan ekonomi, sosial lan politik. Crita ing novel biasane nggambaraké ngenani sesambungan antarane manungsa lan manungsa, manungsa lan lingkungan sakiwa tengene.

### Novel

Novel sejatiné ora beda karo karya sastra liyane, wujude memper karo cerbung, cerkak lan sapanunggale, nanging ana pambedane karo karya sastra sajinise, kayata novel kuwi paling sithik kasusun saka satus lembar lan nduweni alur sing *kompleks*, critane dawa lan luwih *kompleks* tinimbang cerkak, lan nduweni wewatesan struktural. Novel minangka crita kang wujude fiksi (*imajinatif*). Crita fiksi yaiku crita rekan utawa crita khayalan, amarga crita fiksi minangka karya naratif kang nduweni isi crita kang beda karo kasunyatan (Abraham sajrone Nurgiyantoro, 2010: 2). Andharan ing nduwur padha karo unsur-unsur sing ana ning cerkak lan cerbung. Unsur unsur novel dibagi dadi loro, yaiku unsur intrinsik lan ekstrinsik lan awujude prosa. Unsur intrinsik bisa diperang maneh, Nurgiyantoro (2010:10) ngandharake yen perangan intrinsik yaiku unsur kedadeyan, plot, tema, paraga lan latar, unsur ekstrinsik uga bisa diperang dadi

babagan ekonomi, sosial lan politik. Crita ing novel biasane nggambaraké ngenani sesambungan antarane manungsa lan manungsa, manungsa lan lingkungan sakiwa tengene.

Wahyuningtyas (2010: 46) Ngandharake novel kuwi sawijine karangan utawa karya sastra sing luwih cendhak saka roman, nanging luwih dawa saka cerkak, isine ngandharake ngenani sawijine kedadeyan sing wigati, ning saka urip bebrayan kuwi bisa narik kawigaten (saka sawijine babag panguripane pawongan) sacara singkat lan sing punjer-punjere wae, lan paraga lan pamaragan digambarake mung sithik. Kedadeyan sing digambarake kuwi ngemot sawijine konflik batin sing ndadekake anane prabedane nasip. Sajrone siswanto (2008: 141), pangertene novel yaiku karangan prosa sing dawa lan ngandhut ngenani perangan crita uripe manungsa lan manungsa liya sing nuduhake pawongan lan sipate paraga. The American college dictionary (Purba, 2010: 62), novel diandharake dadi sawijine crita prosa karangan sing dawane tartamtu lan nggambaraké para paraga tumindhak sarta plot kang *refressentatif* sajrone alur utawa kedadeyan sing rada mawut utawa kusut.

### Sastra lan Bebrayan Jawa

Sastra kuwi sejatiné tuwu lan ana saka sawijine kabudayane bebrayan tartamtu. Sastra nduweni sesambungan karo bebrayan, mula sastra lan bebrayan kuwi mau ora bisa dipisahake, amarga kekarone mau nguripi siji lan sijine. Soekanto (2012: 13), ngandharake yen istilah sosial sing ana ing ilmu-ilmu sosial kuwi nuduhake objek, yaiku bebrayan. Karya sastra ditulis ing satengahe bebrayan, mula sastra lan bebrayan nduweni sesambungan kang raket siji lan sijine. Biasane karya sastra sing wis diripta kuwi tuwuhe saka kedadeyan satenane sing ana ing sakiwa tengene pangripta, utawa ngenani samubarang sing sing kondhang ing jaman sastra kuwi diripta.

Luxembrug (1982: 23), ngandharake dene karya sastra ditulis ing sajrone wektu tartamtu sing nduweni sesambungan karo norma-norma lan adat istiadat ing jaman semana. Perangan kang ditliti ngenani sesambungan antarane sastra lan bebrayan yaiku perangan saknjabane teks lan gejala konteks. Saka sastra bisa digunakake kangge nganalisis sistem kabudayaan ing bebrayan. Nurgiyantoro (2013: 2) ngandharake dene sastra kuwi ngenani urip lan panguripane manungsa ing sakiwa tengene manungsa liyane lan ngenanipanguripane sacara umum kang diandharake kanthi cara lan basa kang khas.

### Sosiologi

Sastra yaiku sawijine wujud saka ekspresi, ide utawa gagasané pangripta lan diwujudake nggunakake

basarupa lisan utawa tulisan kang endah. Mula saka kuwi Wellek lan Warren (1956) ngandharake yen sastra kuwi sejatiné karya sastra kang imajinatif sing medhiane basa, lan nduweni nilai estetika. Biasane sastra ngandharake bab-bab kang *informatif* uga nduweni kaendahan. Sastra dhewe nduwe wujud kang maneka werna lan bisa diperang dadi jinis-jinis karya sastra. Wujude arupa tembang utawa kidung lan gancaran. Biasane karya sastra sing awujud prosa utawa gancaran kuwi luwih akeh disenengi masyarakat, amarga biasane karya sastra kasebut luwih akeh nggambarkerake panguripane masyarakat, lan ana sesambungan karo kedadeyan-kedadeyan kang nyata ing masyarakat. Biasane ana uga crita ing karya sastra kuwi mung nyritakake crita fiksi, nanging crita kasebut isih bisa narik kawigatene para pamaca, malah-malah critane kuwi bisa saya apik amarga bisa disisipi karo crita karangan sing gunane kangge kaendahane crita. Amarga saka kuwi satra raket banget sesambungane karo sosiologi, amarga isen isene sastra uga ngenani masyarakat.

Waters lan Crook (1990: 4), sosiologi yaiku sawijine analisis kang *sistematis* ngenani struktur solah bawa sosiale manungsa. Sajrone andharan iki, ana perangan kang dadi *elemen* kang penting ing sajrone sosiologi, miturut Sunyoto Usman (1999: 4) (1) solah bawa sing disinau, yaiku karakter sosial, dudu *individual*, solah bawa sing ditujukake marang wong liya saengga nduweni *konsekuensi* kangge wong liya, tuladhane kaya apa sing bisa diduweni manungsa saka sesambungane dheweke karo manungsa liyane, (2) solah bawa sosial sing disinaoni yaiku ngenani struktur, yaiku urutan utawa regulasi tartamtu sing nduweni usaha kanggo mangerten *elemen-elemen* solah bawa sosial, (3) pangertene sosiologi sipate analitis, yaiku ngandharake solah bawane manungsa adhedhasar prinsip *metodologi* panliten tartamtu, (4) sosiologi sipate sistematis, yaiku mangerten solah bawa sosial sing ndadekake dheweke dadi *disiplin ilmu*.

### Sosiologi Sastra

Ratna (2013:1-3) ngandharake sosiologi sastra iku kedadeyan saka rong tembung, yaiku tembung sosiologi lan sastra. Sosiologi asale saka Basa Yunani yaiku sosio “*socius*” kang nduweni teges bebarengan lan logi “*logos*” kang ateges omongan utawa cecaturan. Sosiologi yaiku ilmu ngenani mula buka lan pangrembakane masyarakat, utawa wujud kawruh kang nyinaoni sesambungan antarane manungsa lan masyarakat, sipate umum, rasional, lan empiris. Sosiologi sastra minangka wujud sesambungan antarane sastra lan masyarakat, pasinaonan sastra kang disengkuyung dening perangan kemasyarakatan sajrone karya sastra.

Sosiologi sastra minangka salah sawijine pendekatan ekstrinsik (Darmono, 1994:3). Sosiologi bisa ditegesi minangka pendekatan sastra kang

nengenake segi-segi kemasyarakatan (Wellek lan Werren 2014:109). Sosiologi sastra nengenake masalah sastra lan kahanan sosial tartamtu, sistem ekonomi, sosial, adat istiadat, lan politik. Ing pendekatan sosiologi iki masiya pangripta nggambarkerake kahanan sosial kang ana ing lingkungane, durung mesthi padha marang pepinginan masyarakat. Pendekatan sosial nduweni segi-segi paedah, nduweni paedah yen kritisus dhewe ora nggabarake segi-segi intrinsik kang mbangun sastra, saliyane nengenake sosiologi sastra mangerten ien karya sastra iku diciptakake dening kreatifitas kanthi nduweni paedah faktor imaji. Pendekatan sosiologi umum dilakoni kanthi ana gayutane sosial sastra lan masyarakat minangka dokumen sosial, minangka potret kasunyatan (Wellek lan Werren 2014: 110).

### Status sosial Bebrayan Jawa

Nalika ngandharake ngenani masyarakat, mesthi wae ana gegayutane karo manungsa, amarga kekarone padha-padha nduweni reraketen. Kekarone padha nduweni *eksistensi* lan bisa ditegesi yen manungsa kuwi arupa isi lan bebrayan kuwi wadhahe, amarga tumindhak, solah bawa, lan pakaryan kuwi ana ing tengah-tengahing bebrayan, lan panggonane urip manungsa ana ing sajrone bebrayan. Wujude bebrayan dhewe mawujud amarga anane kumpulan manungsa sing padha-padha nduweni kekarepan lan tujuwan kang padha, kangge urip bebarengan sakiwa tengen ing sawijine panggonan, lan kuwi mau sing njalari tuwuhan lan ndadekake apa sing jenenge bebrayan.

Bebrayan kuwi nduweni werna-werna jinis kang ora sithik, amarga miturut panggonane bebrayan sing beda-beda ndadekake tata lan cara urip sabendinane ya ora padha. Tuladhane kaya masyarakat Jawa pesisir kang nduweni adhat lan tradhisi kang beda karo masyarakat *agraris*, pambeda paling gampang bisa dititiki saka jinis pakaryane. Sejatiné masyarakat Jawa utawa manungsa Jawa nduweni pangerten, yaiku, bebrayan asli sing manggon ana ing tengah lan wetan pulo Jawa sing nggunakake basa Jawa lan tata cara uripe isih dipangaribawani dening leluhur Jawa.

### Perkara Sosial Sajrone Novel

Perkara sosial sajrone masyarakat kuwi lumrah ana lan dadi sawijine unsur sing ana ing saben crita, bisa ing crita cerkak, crita sambung, crita novel lan liyane. Sejatiné tembung konflik kuwi saka basa latin yaiku *configure* sing nduweni pangerten *saling memukul*. Perkara saka pandhangan sosiologi bisa dimangerten sing dikarepake yaiku konflik sing dadi sawijine proses sosial antarane pawongan siji lan sijine utawa klompok sing pada nduweni usaha kangge ngusir liyane kanthi cara ngrusak utawa nggawe ora digdaya meneh. Perkara kang dadi sawijine proses sosial kuwi ana amarga ana pambeda titikan individu siji lan sijine ing anggene

sesrawungan. Tuladha pambeda antarane para individu iku yaiku beda ing babagan rupa fisik, basa, tumindhak, ilmu, adat istiadat lan kapitayan.

### Perkara Sosial ing Kasunyatan

Perkara sosial yaiku perkara sing ana sesambungane karo bebrayan pawongan utawa klompok. Sawijine kedadeyan sing ana sesambungane karo perkara sosial durung mesthi dadi kawigatene masyarakat, ning sakwalike. Kedadeyan sing dadi kawigatene masyarakat durung mesthi dadi sawijine perkara sosial (Soerjono, 1982: 318). Miturut Setiadi lan Kolip (2010: 51), yen sajrone bebrayan antarane elemen siji lan sijine ora ngelaksanakake kuwajiban lan peranan sing wis dilakoni, perangan kuwi mau ndadekake *ketidakteraturan sosial* (patologi sosial). Patologi sosial diarani dadi bageyan saka objek sosiologi, asring diarani dadi perkara sosial.

Miturut Duane Ruth (1986: 54) yen perkara yaiku kahanan kang dumadi saka rong pehak utawa luwih, nganggep yen ana sawijine prabedane kalungguhan sing ora sakmesthine, kurange sumber lan tumindhake sawijine pehak ngalangi, utawa melu urusane liyan sing ndadekake tujuwane sawijine pehak ora kasil. Saka andharan kuwi bisa dimangerteni yen perkara kuwi bisa dumadi amarga ana kahanan sing dumadi, sing wiwitane saka prabedane kalungguhan sing ora slaras, ana sawijine pehak sing ngalangi lan melu-malu sing ndadekake tujuwane pehak liyane ora nduweni kasil. Sejatine perkara sing dumadi ing bebrayan ing kasunyatan ana pirang-pirang jinis lan disandhang dening masyarakat.

### TATA CARANE PANLITEN

Panliten iki kalebu panliten linguistik dheskriptif. Titikan saka panliten dheskriptif, yaiku njlentrehake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungane ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi, lumrahe awujud wujud gramatikal utawa variabel (Kridalaksana, 2008:47).

Dhata panliten iki yaiku sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen, lan sumber dhata panliten iki yaiku ukara pitakon ing pitakon basa Jawa Banyuwangen. dhata ing panliten iki diklumpukake nggunakake metodhe semak lan cathet. Miturut Mahsun (2012:93) teknik cathet yaiku nyathet dhata-dhata sing wigati. Teknik cathet digunakake minangka wujud tumindak nyathet dhata ing kartu dhata sing wis kacawiske lan dibacutake miji-miji utawa ngandharake dhata kasebut (Sudaryanto, 1993:23).

Sawsie dhata diklumpukake banjur dijlentrehake nggunakake metodhe dhistribusional utawa agih. Metode dhistribusional yaiku metodhe njlentrehake dhata kanthi perangan saka basa kuwi dhewe dadi perangan sing nemtokake analisis (Sudaryanto, 1993:15). Metodhe

dhistribusional dinggo kanggo njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhan Sesulih pitakon ing basa Jawa Banyuwangen.

Sawise diklumpukake lan dijlentrehake, dhata kasebut banjur disuguhake awujud jlentrehan asil panliten. Tata cara nyuguhake dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku tata cara nyuguhake dhata kanthi cara formal lan informal, jalanan panliten iki anggone nyuguhake dhata ngunakake angka-angka lan lambang-lambang, lan nggunakake tembung-tembung sing lumrah supaya bisa dimangerteni lan dipamahi dening pamaca.

### METODHE PANLITEN

Metodhe panliten yaiku sawijine tata lan cara kang wis direncanakake lan bisa dipertanggungjawabake kanthi cara kang wis ilmiyah kanggo mindakake kagiyatan panliten. Ing perangan iki bakal ngandharake tata carane panliten kang wis diperang dadi enim, yaiku (1) ancangan panliten, (2) sumber dhata lan dhata panliten, (3) tata cara nglumpukake dhata, (4) teknik nganalisis dhata lan (5) tata cara nyuguhake asile panliten. Andharan saka perangan-perangan kasebut bakal diandharake ing ngisor iki.

### ANCANGAN PANLITEN

Ancangan panliten mujudake salah sawijine trap-trapan sadurunge panliten kalaksanan amarga ancangan panliten kuwi mujudake panuduh sing bisa menehi cancer-cancer ngenani panliten sing ditindakake lan ndadekake asiling panliten kuwi bisa luwih cetha. Saben panliten sejatine nduwe jinis kang beda-beda, ana panliten *kualitatif* lan *kuantitatif*. Panliten kanthi irah-irahan “Tresna Kepenggak Drajad sajrone Novel Ketemu Suwirane Daging Anggitane C.Is Sarjoko Tintingen Sosiologi Sastra” kalebu panliten *kualitatif*. Miturut Moleong (2010:6), panliten *kualitatif* digunakake kanggo nlti samubarang sing disandhang dening subyek panliten, kayadene tata laku sing digambarake lumantar basa lan tembung-tembung kanthi nggunakake metode ilamiah.

Panliten iki bisa ngasilake dhata *deskriptif* awujud tembung-tembung tinulis ngenani konflik sosial sing bisa digoleki sajrone novel *ketemu suwirane daging*. Panliten iki nggunakake metodhe *deskriptif*, sing ditindakake kanthi cara menehi gambaran ngenani fakta-fakta sing banjur diwenehi jlentrehan. Miturut Hikmat (2011: 86), metodhe *deskriptif* ora mung ngandharake fakta-fakta sing ana sajrone cerbung, nanging kudu bisa nglandhepake kanthi tafsiran panliti. Metodhe iki bisa digunakake kanggo ngonceki siji mbaka siji dhata panliten sing sabanjure diwenehi katrangan.

### Dhata lan Sumber Dhata

Sumber dhata kang dikarepke sajrone panliten supaya meruhi subjek-subjek kang asale dhata dijupuk

yaiku kanthi cara *deskriptif*, yaiku panliten sing dilakokake kanthi cara nggambarkerake dhata sing wis dipikolehi saka tembung-tembung utawa ukara sing dipisahake amarga kangge njupuk dhudutan, kangge mangerteni kahanan ngenani apa lan kepriye, sepira akeh, nganti tekan sepira lsp. (Arikunto, 2001: 30).

Sumber dhata yaiku bahan kang ditliti sajrone panliten. Sumber dhata ing kasustraan yaiku karya sastra lan naskah. Miturut Ratna (2011: 47) ing ilmu sastra, sumber dhatane yaiku sastra lan naskah. Sumber dhata sing digunkake sajrone panliten iki dibedakake dadi loro, yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Sumber dhata primer yaiku novel *Ketemu Suwirane Daging* anggitane C.Is.Sarjoko iki nduweni crita kang apik amarga ning sajrone crita nduweni pirang-pirang konflik sing ndadekake critane saya luwih apik meneh. Novel isine crita iki digawe alur maju saengga bisa nggawe gregete para pamaca saya gedhe kangege nuwuhake kawigatene para pamaca.

Data panliten yaiku arupa objek ing sajrone panliten sing bakale dikaji lan dianalisis. Data ing panliten iki diperang dadi loro, yaiku *primer* lan *sekunder*. Data primer yaiku arupa dialog antarane para paraga, tembung, ukara, paragrap, lan liya-liyane sing gegayutan karo underane panliten. Sepisan, gegayutan karo paraga lan pamaragan kang nyengkuyung crita, sing nggambarkerake anane strata sosial sing nuwuhake konflik ing satengahing paraga-paragane. Banjur uga nggunakake dhata sekunder kang arupa konsep-konsep perspektif kang bakal dianalisis.

### Teknik lan Prosedur Pangumpuling Dhata

Metode lan teknik panliten ing ngisor iki diajab bisa nyengkuyung panliti nliten naskah. Amerga perlune kanggo ngandharake naskah Suluk Rancang. supaya bisa cetha, gampang, lan bisa ditrima dening pamaos. Mula perlune ditindakake upaya-upaya kang gegayutan marang metode lan teknik panliten. Kaya tata cara nglumpukake data lan tata cara pangolahe data.

### Teknik Ananlisis Dhata

Teknik analisis kasebut ditindakake kanthi cara nintingi perkara-perkara kang ana sajrone novel kasebut cunduk karo tintingan sosiologi sastra. Tintingan sosiologi sastra digunkake minangka lelandhesan nindakake analisis dhata sajrone panliten. Tata cara analisis dhata sing ditindakake sajrone panliten iki, kaya ing ngisor iki:

- (1) Inventarisasi dhata. Nglumpukake dhata kanthi menehi tandha (garis ngisor) ing saben perangan kang dianggup wigati sajrone novel *Ketemu Suwirane Daging*. Wujud perangan kang ditandhani kuwi milih saperangan kutipan arupa ukara,

paragrap, apa dene tetembungan kang kacuplik ing novel *Ketemu Suwirane Daging* banjur diselarasne karo underane panliten sing sadurunge wis diperang-perang.

- (2) Identifikasi dhata. Teknik iki digunakake kangge nemtokake identifikasi ukara utawa paragraf sajrone crita ing novel *Ketemu Suwirane Daging*.
- (3) Klasifikasi dhata. Ing tataran iki nduweni ancas kangge milah lan milih dhata kang dibutuhake supaya gampang anggone nggolongake dhata kang laras karo underane panliten. Dene dhata-dhata kang ora cunduk karo underane panliten bakal dipisah lan ora perlu digunakake. Dhata-dhata kang laras yaiku dhata kang ana gayutane karo perkara sing arep diandharake.

## ASILING PANLITEN

### Kalungguhane Manungsa Sajrone Novel KSD

Kalungguhan sajrone status sosial bebrayan kuwi werna-werna lan nduweni sesambungan kang raket banget karo kelas sosial., miturut kalungguhane ing masyarakat, status sosial bisa diduweni sacara *otomatis*, usaha utawa diwenehi. Saya ndhuwur status sosial sing diduweni, saya ndhuwur uga pengaruhe ing masyarakat. Status sosial sing disandhang manungsa, bisa dideleng saka kalungguhane ing masyarakat. Ing ngisor iki gegambaran status sosial sing ana ing novel *Ketemu suwirane daging* anggitane C.Is.Sarjoko.

### Mbok Ginah

Ngenani sawijine pawongan sing asmane Ginah, Wiwit biyen dheweke melu sawijine kulawarga Katumenggungan, ning kana dheweke dadi batur. Wiwit enom dheweke wis kulina mbiyantu ing kulawarga katumenggungan. ngantri R.A Retno Windarti rabi, Mbok Ginah disuwun melu dadi abdi kanggo kulawarga anyare Retno Windarti. Mbok Ginah kuwi asli wong Sala, dheweke dadi abdi kang setya banget marang ndarane yaiku R.A. Retno Widarti. Iki bisa dlbuktekake ing cuplikan ngisor iki.

“Ibu mengung sing nalika timure asma R.A. Retno Windarti asli saka Sala mau kagungan abdi sing anggone ndherek wiwit isih enom, jenenge Mbok Ginah. Dheweke biyen dadi abdine Ibune, ananging bareng R.A. Retno Windarti kapundhut garwa Rama Menggung, Mbok Ginah banjur kaparingake putrane.” (KSD:02)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa dimangertenien yen Mbok Ginah kuwi mbiyen abdine Ibune R.A Retno Windarti sing asli saka Sala. Nanging bareng R.A Retno Windarti wis krama karo K.R.T Widyadiningrat Mbok

Ginah ora ngabdi maneh karo ndarane lawas nanging dheweke melu ndarane anyar yaiku R.A Retno Windarti. Pethikan kuwi mau nggamarake ana sawijine wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani kalungguhane Mbok Ginah ning cuplikan iki yaiku batur.

Ngandharake ngenani critane Mbok Ginah, ngenani wiwitane dheweke bisa sayuk karo Pak Darno lan dadi abdi ing kulwargane Rama Menggung. Ndek biyen Sadurunge K.R.T Widyadiningrat lan R.A. Retno Windarti krama, kekarone nduweni abdi kang kinasih. Rama Menggung nduweni abdi lanang kang kinasih jenenge Darno, ning R.A Retno Windarti uga nduweni abdi kinasih jenenge Mbok ginah, sarehne padha padha durung nduwe sisihan, kekarone dijodhohake Rama Menggung. Iki bisa dibuktikake ing cuplikan ngisor iki.

“tresnane Mbok Ginah marang Bu Menggung, bendarane, kaya marang awake dhewe. Dhasar dhek cilik ya meh babag umur-umurane. Sarehne rama menggung kuwi kagungan abdi kinasih lanang jenenge Darno, mula saka kersane Rama Menggung, Ginah dijodhokake karo darno sing padha-padha ngabdi ing Katumenggungan kono.”  
(KSD:02)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa dimangertenien yen Mbok Ginah saiki dadi abdine R.A. Retno Windarti. Dheweke tresna banget marang ndarane kuwi kaya tresnane marang dheweke dhewe, amarga ndhek cilik ya babag umur-umurane. Pungkasane bareng R.A Retno Windarti wis krama karo K.R.T Widyadiningrat Mbok Ginah dijodhokake karo Darno, abdi kinasihe K.R.T Widyadiningrat. Pethikan kuwi mau nggamarake ana sawijine wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani kalungguhane Mbok Ginah ning cuplikan iki yaiku batur.

Ngandharake ngenani Mbok Ginah ngelingi wiwitane makarya ning katumenggungan. Mbok Ginah kuwi dadi pawongan kang setya lan sendhika dhawuh marang kulawarga Rama Menggung, amarga ngelingi kahanane dheweke ndhek biyene. Ngrasa begjane dheweke dijupuk dadi batur karo bendharane, merga sejatine uripe dheweke mung gumantung saka ndarane. Andharan iki bisa dibuktikake ana ing ngisor iki.

“Mbok ginah jejere abdi kang setya tansah sendika dhawuh. Eling eling yen biyen kabegjane uripe ya mung gumantung bendarane kuwi sing dadi lantaran.”  
(KSD:03)

Saka pethikan ing nduwur bisa dimangertenien yen Mbok Ginah kuwi nduweni rasa ngrumangsani. Dheweke ngrumangsani kahanane dheweke sing isih bisa urip

merga kabecikane ndarane. Dheweke diramut lan dijaga kanthi becik, ndadekake Mbok Ginah nduweni rasa syukur lan kurmat kang gedhe marang ndarane. Andharan saka pethikan kuwi mau nggamarake ana sawijine wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane Mbok Ginah kuwi yaiku batur.

### **Pak Darno**

Perangan iki ngandharake ngenani pawongan sing nduweni asma Darno. Wiwit biyen dheweke melu sawijine kulawarga katumenggungan, ning dheweke dadi batur. Wiwit enom dheweke wis kulina dadi batur ing kulawarga katumenggungan. Nalika K.R.T Widyadiningrat karo R.A Retno Windarti wis krama, dheweke dijodhokake marang bature R.A Retno Windarti, yaiku Ginah. Iki bisa dibuktikake ing cuplikan ngisor iki.

“Biyen Darno nate dikursusake montir dening Rama Menggung. Sawise kuwi dicekeli mobil lan bisa diutus ngeterake dagangan batik marang langganane.”  
(KSD:04)

Saka pethikan ing nduwur bisa dimangertenien yen Pak Darno kuwi abdine K.R.T Widyadiningrat. Sarehne dheweke lan Mbok Ginah durung nduweni sisihan, kekarone dijodhokake. Pak Darno kuwi batur kang kinasih, kanthi dheweke dikursusake montir dening Rama Menggung. Sawise bisa lan ajar nyetir dheweke bisa diutus ngeterake dagangane marang langganane Rama Menggung. Andharan saka pethikan kuwi nggamarake ana sawijine wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane Pak Darno kuwi yaiku batur.

Andharan iki ngenani sawijine pawongan sing asmane Darno. Wiwit biyen dheweke wis melu kulawarga katumenggungan, nanging dheweke dadi batur. Wiwit enom dheweke wis kulino tandang gawe ing katumenggungan, nganthi dheweke saiki wis dianggep batih karo R.A Retno Windarti lan K.R.T Widyadiningrat, ndarane. Tumindhake Pak Darno sing bisa dipercaya ndadekake sesambungane ndara lan abdi dadi saya raket. Iki bisa dibuktikake ing cuplikan ngisor iki.

“Percayane Rama Menggung lan garwane marang Darno saanak bojo kaya marang batuhe dhewe. Mula ya bener, senadyan karo wong liyan ndrayan, ati mono yen wis cocok merga linimbaran ketulusan lan kejujuran bakal nggawa kabagyan mungguhing kabeh. Kosok balen, becik sing mung lamis lan mawa pamrih, racake

mung sagebyaran lan ora bakal langgeng.”  
(KSD:04)

Pethikan ing ndhuwur bisa dimangertenin yen Pak Darno kuwi abdi sing paling dipercaya dening Rama Menggung sing wis dipercaya, kaya-kaya batihe dhewe. Tuwuhe rasa percaya dumadi amarga tumindhake Pak Darno sing nduwuni ati kang tulus uga jujur. Didhasari saka tulusing ati, ndadekake sesambungan antarane ndara lan abdi bisa rumaket. Andharan saka pethikan kuwi nggamarake ana sawijine wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane Pak Darno kuwi yaiku batur.

Andharan iki ngenani pawongan sing asmane Darno. Dheweke kuwi wiwit biyen melu sawijine kulawarga katumenggungan, ning kana dheweke dadi batur. Wiwit enom dheweke wis kulina tandhang gawe ning kana. Sasuwene iki ndarane seneng karo dheweke amarga penggawenane apik, dadi saiki dheweke dipercaya dening Rama menggung babagan njaga toko. Andharan saka cuplikan iki bisa diandharake ing ngisor iki.

“Pak Darno saiki wis arang-arang metu, sasat mung ngglethek ana ndalem Katemanggungan, kejaba ngawasi sing padha nyambut gawe, Pak Darno uga mrenah-mrenahake neng toko batike murih sing padha mirsani lan arep blanja padha ketarik. Kejaba tokone katon resik, tatanene dagangane rapi, si pelayan uga tansah diajari grapyak sumanak marang sadhengah tamu.” (KSD:07)

Pethikan ing ndhuwur bisa dimangertenin yen Pak Darno kuwi dadi abdi sing paling dipercaya dening Rama Menggung. Saiki dheweke diparingi kuwasa kange njaga toko bathike ing katumenggungan, nyambi ngawasi para karyawan liyane. Pak Darno uga ngulangi karyawan liyane supaya grapyak lan sumanak marang langganane, supaya langgane ya seneng tuku ing kana. Andharan saka pethikan kuwi nggamarake ana sawijine wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane Pak Darno kuwi yaiku batur.

### Raharjo

Harjo Wiwit biyen melu ing sawijine kulawarga Katumenggungan, ning kana dheweke dadi batur. Wiwit cilik dheweke wis kulina mbiyantu ing kulawarga katumenggungan, amarga dheweke lair ing katumenggungan. Bapa lan biyunge Harjo wis dadi batur ing katumenggungan wiwit dheweke durung lair, bareng wis gedhe dheweke uga dipercaya dadi batur ing katumenggungan.

Andharan iki ngenani pawongan sing nduwuni asma Harjo. Dheweke dadi saijine batur ing kulawarga katumenggungan. Wiwit cilik dheweke wis ana ing katumenggungan, amarga Bapa lan biyunge urip ing katumenggungan. Merga biyen umur-umurane dheweke babag karo ndarane Artanti, dadi sing ngemong kanca dolanan bendara timure ya dheweke. Asringe Harjo ndolani bendhara timure, ndadekake kekarone saya akrab, kaya-kaya karo adhdine dhewe. Iki bisa dibuktekake ing cuplikan ngisor iki.

“Asil batike Bu Menggung kalebu apik lan nduwuni corak dhewe. Mbok Ginah sing mung abdi ya diajari. Apameneh saiki Harjo wis limang taun umure, dadi wis bisa ndolani bendarane timur, ya Jeng Wara Artanti. Gandheng wiwit cilik tansah amor sadolanan, kekarone dadi akrab, kaya siji lan sijine padha dene mbuthake. Raharjo sing wis rada nalar kuwi yen momong bendarane kaya momong adhine dhewe. Kabeh mau ndadekake rename Ibu Menggung.” (KSD:03)

Saka pethikan ing ndhuwur, bisa dimangertenin yen Harjo kuwi wiwit biyen urip lan lair ana ing katumenggungan. Ngepasi ndara timure umur-umurane meh padha karo dheweke ndadekake kekarone saya raket sesambungane kaya dene kakang lan adhi. Andharan sajrone pethikan kuwi mau nggamarake ana sawijine wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane Harjo yaiku batur.

Nuduhake yen pawongan sing asmane Harjo, saiki wis mekar dadi jejaka sing lagi wae lulus SMA. Senadyan dheweke mung dadi bature Artanti, nanging dheweke ora lali karo apa sing jenenge pendhidhikan. Senadyan sesambungan dheweke lan Artanti raket banget, nganti wong liya ora ngerti yen kekarone nduwe status ndara lan abdi. Kekarone tansah makaryo bebarengan ing sajrone Katumenggungan. Iki bisa dibuktekake ing cuplikan ngisor iki.

“Harjo saiki wis mekar dadi jejaka cilik lulus SMA dene R.A. Wara Artanti tamat SMP arep mlebu SMA. Kekarone ora mantra-mantra yen bendhara lan abdi. Ngertine yen wong-wong yen kekarone wis wawan gunem. Sing putri ngoko nyebut kakang, dene priyane basa alus yen ngundang nganggo embel-embel Ndara Jeng. Bocah loro bebarengan makaryo jroning katumenggungan.” (KSD:03)

Saka pethikan ing nduwur bisa ditandhani yen Harjo kuwi sejatine abdi ing kulawarga katumenggungan. Dheweke asring lunga lan tandhang gawe bebarengan

karo bendhara timur, ndadekake sesambungan kekarone saya raket. Pawongan liyane sing nyawang ngira yen kekarone kuwi pancen kakang lan adhi, nyatane dudu. Nyatane sesambungan kekarone mung ndara lan abdi. Andharan sajrone pethikan kuwi mau nggambarake ana sawijine wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane Harjo yaiku batur.

Andharan iki ngenani Harjo sing sing lagi ajar nyambut gawe ing Katumenggungan. Dheweke njaluk ajar marang Bapakne, perangan apa sing perlu ditindakake yen lagi nyambut gawe. Harjo nyambi ajar mobil karo Bapakne, amarga pancen dheweke wis karep, kepingin bisa nyetir dhewe, mula dheweke ora sepira suwe wis bisa. Saiki dheweke wis bisa candhak penggawenan, yaiku ngeterake dagangan. Cuplikan saka andharan kuwi bisa dibuktikake ing cuplikan ngisor iki.

“Pepenginane Harjo diparengake. Saiki neng ngendi-endi katut Bapakne. Kajaba ben ngerti ngendi wae pelanggane sing kudu disetori, Harjo ya karo diajari setir dening Bapakne. Pawitan ati seneng lan karep, durung nganti rong sasi Harjo wis trampil nyopir. Banjur Harjo kursus montir ben ngerti uga carane ngopeni mobil. Saiki dheweke ora perlu melu Bapakne menawa ngeterake batik.” (KSD:04)

Pethikan ing ndhuwur bisa ditandhani yen Harjo kuwi abdi ing Katumenggungan, kaya Bapa lan biyunge. Dheweke ajar nyetir marang Bapake supaya bisa nyambut gawe kaya Bapane. Amarga wis karep, ora kepara suwe dheweke wis trampil nyetir mobil. Dheweke ya dikursuske montir, supaya dheweke ngerti carane ngopeni mobil. Saka pedhotan iki bisa ditandhani ana gegambaraning wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane Harjo yaiku batur.

#### K.R.T Widyadiningrat

Cuplikan iki ngandharake ngenani pawongan kang nduweni, sawijine status sosial. Bisa dititiki ing pedhotan-pedhotan ngisor iki, yen paraga sing asmane K.R.T Widyadiningrat iki nduweni status sosial sing kagolong ndhuwur. Status sosial kang ndhuwur ngene iki bisa uga dititiki saka sadurunge panyebut jenenge, amarga wong biyasa ora bakal nduweni gelar kaya ngene yen pancen dheweke ora dadi turunane wong darah biru, utawa bangsane wong priyayi, sing biasane dikurmati ingkang luwih satengahing masyarakat. Status iki lumrahe nduweni panggawenan sing ora sembarangan, pangertene yaiku biyasane kerja ning pamarintah, lan nduweni gaji kang gedhe.

Andharan iki ngenani sawijine pawongan kang nduweni asma K.R.T Widyadiningrat. Dheweke dadi sawijine Rama Menggung ing sawijine kulawarga katumenggungan. Sawise pensiun saka kantor paniti kisma, K.R.T Widyadiningrat mbukak perusahaan batik ing Laweyan. Usahane saya suwe saya ngrembaka, ngantri kirim pesenan ing luwar kota. Andharan kuwi bisa dibuktikake ana ing ngisor iki.

“Dene asmane priyayi luhur sing saiki sinebut *darah biru* mau asmane Kanjeng Raden Tumenggung Widyadiningrat. Dhek biyen sadurunge pensiun ngasta ing kantor Paniti Kisma, kagungan dalem Kraton Kasunanan Surakarta. Sawise pensiun, panjenengane bukak perusahaan batik ing daleme sing jembar iku.” (KSD:01)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen dheweke nduweni pangkat kango dhuwur ing panggonane kerja. Dheweke nyambut gawe ing pamarintah, sing disawang masyarakat liyane pakaryane nduweni aji kang gedhe, lan dikurmati marang liyane. Cuplikan iki ngandharake yen Rama Menggung sadurunge pensiun, dheweke biyen nyambut gawe ana ing kantor paniti kisma, kagungan dalem Kraton Kasunanan Surakarta. Sawise pensiun, panjenengane mbukak bisnis perusahaan batik ing ndaleme sing jembar. Saka andharane mau bisa ditandhani, ana gegambaraning wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane K.R.T Widyadiningrat yaiku ndara.

Andharan iki ngenani pawongan sing nduweni asma K.R.T Widyadiningrat. Dheweke dadi sawijine kulawarga katumenggungan sing banget nresnani kulawargane. Rama Menggung rila ngeterake putrane kuwi ning dhokter, amarga lagi lara. Masiya dheweke arupa pimpinane sawijine kulawarga katumenggungan, dheweke tetep ngeterake putrane. Kahanan kuwi mau bisa dibuktikake ana ing ngisor iki.

“Ora let suwe, Artanti banjur metu saka kamar priksa. Ing ngarep Rama Menggung wis methukake kanthi sumeh... Ibumu ndhisiki nunggu ning njaba Ar, jare selak mumet, ature Rama Meggung kalem.” (KSD:64)

Pethikan ing ndhuwur iki ngandharake ngenani anake Rama Menggung sing lagi lara, digawa ning dhokter langganane kulawargane Rama Menggung. Senadyan dheweke jejere priyayi kang nduweni status kang dhuwur, nanging yen karo kulawarga dheweke kebak tresna lan asih. Pedhotan ing ngisor ya nuduhake yen Priyayi sarimbit ngeterake langsung putrane ing dhokter.

Saka andharane mau bisa ditandhani, ana gegambaraning wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane K.R.T Widyadiningrat yaiku ndara.

Nduweni Kalungguhan kang ndhuwur kuwi ya ana enak lan orane. Amarga disawang dhuwur lan dikurmati nganti tenanan, jejere kulawarga priyayi solah bawa lan tumindhak uga kudu apik. Njunjung dhuwur mendhem njero kudu dicakake tenanan. Ateges apa wae kabecikane kulawarga, kudune tansah dikatonake. Nanging yen pancean anane wirang sajrone kulawarga kudu ditutupi, supaya wong njaba ora ngerti lan ora ngisin-ngisini kulawarga. Kahanan sing kaya mangkana bisa dibuktekake ana ing ngisor iki.

“Priyayi sarimbit mau tinuju kamare Artanti. Lawang kamar dibukak gampang...menga. Artanti katon lungguh ing pojok tempat tidur, crocosan mrripe... Tanti kowe gendheng, ya? Kok bisa-bisané ana lelakon kaya, mangkene. Kowe kudu blaka Tanti, karo sapa anggonmu wis tumindak?... pandangune Rama Menggung sereng.” (KSD:65-66)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen Rama Menggung sing jejere pimpinan ing kulawagane, kudu bisa ngadhepi lan mrantasi apa wae masalah sing ana. Kaya ing cuplikan iki, nuduhake yen putrane sing lagi ngandut anake wong, sing durung ngerti sapa sing wis ngetengi. Kaya disamber gludug dina iku, Rama Menggung marani Artanti ning kamare, karo duka Rama Menggung nakoni kok bisa kedadeyan kaya mangkene. Saka andharane mau bisa ditandhani, ana gegambaraning wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane K.R.T Widyadiningrat yaiku ndara.

#### **R.A. Wara Artanti**

Andharan iki ngenani pawongan sing nduweni asma R.A. Wara Artanti. Dheweke iki putrane Rama Menggung lan Ibu Menggung kaping pisan, amarga kuwi sakehing rasa tresna Rama lan Ibune tansah disokake marang dheweke. Bungahe Rama menggung lan Ibu menggung tansah dikatonake nalika putra tunggale kuwi lair. Andharan saka cuplikan bisa dibuktekake ana ing ngisor iki.

“Taun katelu uriping bebrayan Rama Menggung lan R.A. Retno Windarti lagi pinaringan momongan putri, diparingi asma Wara Artanti. Kabaganan lan kamulyan tanpa upama dirasakake Rama Menggung Widyadiningrat.” (KSD:02)

Saka pethikan ing nduwur bisa dimangerten i yen R.A. Wara Artanti iku sawijine kulawarga katumenggungan. Sasuwene taun katedu lagi R.A. Retno Windarti pinaringan putra wadon, diparingi asma Wara Artanti. Sakehing rasa tresna tansah disokake marang dheweke. Saka pedhotan iki bisa ditandhani ana gegambaraning wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane R.A. Wara Artanti yaiku ndara.

Andharan iki ngenani pawongan sing nduweni asma R.A. Wara Artanti, dheweke ngrasa bungah banget amarga arep katekan adhine sing saka Bojonegoro. Sawise wisudha adhine bakale mampir laweyan saperlu ajar nyambut gawe ing perusahaan bathike. Kekarone nduweni sesambungan kang raket banget, amarga pancean wiwit cilik kekarone ya asring genti-genten ndolani dulure. Andharan saka cuplikan bisa dibuktekake ana ing ngisor iki.

“Halo, ya.. ya.. saya sendiri. O iki Jeng Janti ta? Piye Jeng? Aku krungu jare wis rampung kuliahmu, kapan wisuda? Sauntara Artanti meneng, embuh swara saka adoh kana sabanjure... O yoh... yoh tenan, hlo Jeng... aku seneng banget. Gek enggal, ya! Sesuk bar wisudha, nek nganakke pista neng ndalem tak tunggoni. O, yoh mengko tak ature rama Ibu. Dhaaaah... tilpun ditutup banjur nyedhak rama Ibune karo matur... Anu Rama, Ibu, Jeng Janti ngaturaken sungkem kagem rama Ibu. Piyambaipun criyos menawi sampun wisuda badhe mriki. Sukur kepareng ajar mbiyantu wonten perusahaan.” (KSD:18)

Saka cuplikan ing ndhuwur ngandharake yen paraga Wara Artanti kuwi nduweni status sosial kang dhuwur, padha kaya dulure Harjanti. Kekarone padha dene saka kulawarga katumenggungan. Wara Artanti ngarasa bungah amarga sawise diwinisudha, dulure bakal melu ajar nyambut gawe ana ing perusahaan bathik. Saka pedhotan iki bisa ditandhani ana gegambaraning wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane R.A. Wara Artanti yaiku ndara.

Ngandharake ngenani pawongan sing nduweni asma Wara Artanti sing saiki melu Rama pamane ing Bojonegoro. Sasuwene iki dheweke melu Rama pamane amarga mbobot karo Harjo. Sejatine ndara sing kudune njaga sekabehan tumindhake, nanging amarga tumindhake kuwi ndadekake dheweke kudu njaga harga dhirine dheweke lan Bapa Biyunge sing wis suwargi, kanthi cara ora bali ning Laweyan. Andharan saka cuplikan bisa dibuktekake ana ing ngisor iki.

“Kocapa, Artanti ora tau bali menyang Laweyan, amarga dheweke kudu njaga harga dhirine lan swargi rama Ibune.” (KSD:91)

Saka cuplikan ing ndhuwur bisa dimangertenii yen Artanti sing jejere Ndara kuwi nduweni sawijine perkara. Dheweke lagi ngandhut karo Harjo, nanging merga kinasihe lunga tanpa pamit, kanthi saiki dheweke durung rabi. Merga kahanan sing kaya mangkana ndadekake Artanti sarwa waspadha. Sasuwene iki dheweke durung bali ing grijane dhewe, Laweyan. Artanti wedi yen dheweke mulih ndadekake kucem jenenge Rama Lan Ibune sing saiki wis suwargi. Saka pedhotan iki bisa ditandhani ana gegambaraning wujud kalungguhan ing sajrone ukara kuwi, bisa ditandhani sawijine jinis kalungguhane R.A. Wara Artanti yaiku

### JALARANE PERKARA SOSIAL

Sajrone bab iki bakal ngandharake dhata sing arupa cuplikan, sing nuduhake ngenani anane jalarane konflik sing dumadi. Dhata-dhata sing wis ana bakal diperang dadi sub bab sing bakal diandharake ing ngisor iki:

#### Jalarane Perkara sosial : Tresna antarane ndara lan abdi

Pethikan iki ngandharake ana sawijine perkara sing disandhang dening Harjo, dheweke lagi ngalami apa sing jenenge konflik batin, amarga dheweke sing jejere mung batur ning katumenggungan, nanging lagi ketaman asmara karo ndarane dhewe, pikiran tansah abot lan ruwet nalika mbayangke kepriye dheweke mbesok nalika sesandhingan karo wanita sing banget ditresnani kuwi, amarga ya panceñ drajate dheweke asor, beda karo abdine. Harjo nyoba nglalekake citrane bendharane sing ayu kuwi, nanging ora kuwasa, malah saya ngalela. semana uga ndarane, sing padha nduweni rasa pangrasa kang padha karo bature kuwi. Pancen dheweke lagi bungah amarga ndarane kuwi ya nduwe rasa kang padha, nanging ya bingung amarga dheweke sing jejere mung ngabdi ana ing katumenggungan. Saka cuplikan kuwi uga bisa dititiki yen perkara sing lagi disandhang dening Harja kuwi bisa ndadekake perkara utawa konflik ing sajrone uripe. Kulawarga ndarane ora mesthi sarujuk karo pengarep-arepe Harjo lan Artani, amarga ning tlatah Jawa isih akeh pawongan kang nyawang status sosiale manungsa. Perangan mau bisa dititiki saka cuplikan ing ngisor iki.

Ning nyatane... Linali-lali malah saya ngalela, kumatil ing pardoning netra. Citrane sing ayu, eseme sing nggreditke ati, oh sajak nantang ati lanangku. Eman... aku

mung wong ngenger... ngabdi... batur... gedibal pitulikur... Harjo megeng napas, banjur nyerot hawa sing saakeh-akehe supaya mbeseseging krasa longgar.” (KSD:08)

Andharan ing ndhuwur nuduhake yen anane tresna kang luwih antarane ndara lan abdi, tresna dadi sawijine perangan kang ndadekake jalarane perkara sosial sing ana ing sajrone novel KSD. Jaman pancen wis maju, nanging ana pawongan sing isih nengenake babagan ngenani status sosial. Status sosial iki ngandharake ngenani drajate pawongan, kaya ing cuplikan iki sing nuduhake ana rasa pangrasa kang luwih saka ndara lan abdi, sing bisa ndadekake anane konflik, amarga tresna kang luwih antarane ndara lan abdi kuwi ora lumrah lan bisa ndadekake perkara sosial.

### CARA MRANTASI KONFLIK

Konflik ning andharan iki mung nengenake ing babagan kepriye cara para paraga mentas saka perkarane sing lagi disandhang. Ngenani tumindhak apa wae sing bisa dilakoni dening para paraga kange mrantasi perkara sing lagi disandhang. Sawise mangertenii apa sing ndadekake lan nuwuhake perkara sing lagi disandhang kuwi, banjur nuduhake kepriye tata lan cara kange ngrampungake konflik utawa perkara sing wis dumadi. Saswijine cara kanggo ngrampungake konflik antarane ya kuwi menage sawijine pihak sadhuwure panampuan saka pihak sing kalah lan *kompromi*. Saliyane iku, Muin (2006:60) ngandharake yen konflik sosial iku bisa dirampungke kanthi cara *mediasi*, ana uga saperangan panemu liya kang dirasa cundhuk karo apa sing dianalisis, andharan kabeh mau ana ing ngisor iki.

#### Compromise

Pethikan iki ngandharake ngenani ana sawijine batur kang lagi asik maca surat warta, sing mligine bageyan lamaran kerja. Dheweke maca kanthi tumemen, marakake ndarane nduwe rasa kepengin mangertenii bab apa sing lagi diwaca kuwi. Bacute warta ngenani bab penggawenan, ning kerja babagan sing dipengini bature kuwi nduweni *syarat* sekolah saora-orane SMA sedrajat, ning dheweke kan mung sekolah nganti SMP. Ndarane mrenahne yen dheweke bisa mbiyantu matur ning Rama Menggung supaya dheweke bisa mikolehi penggawenan sing dipengeni mau, ning bature mau ya mawas dhiri, yen syarate durung pener, dheweke ya ora perlu meksa kudu dadi. Pethikane ana ing ngisor iki.

“Ning ijasah kula rak namung SMP... O kakang, yen pancen kowe kepingin rak gampang, aku rak bisa matur rama. Bab mengko sing ngeterke dagangan neng para

pelayan rak bisa diganti wong liya... Ah sampun, Ndara Jeng. Kula rak tiyang bodho, mboten saged yen mboten pemasaran. Mangka kula ugi ngertos yen ingkang wonten ngriku racakipun inggih tiyang-tiyang ingkang sampun pengalaman." (KSD: 06)

Pethikan ing ndhuwur iki uga ngandharake yen ana sawernane perkara sing bisa dilereni kanthi cara *kompromi*. *Kompromi* nduweni pangerten yaiku nalika manungsa nduweni perkara, kekarone nduweni cara kang disarujuki bareng kangege mrantasi perkara sing lagi disandhang. Saka andharan kuwi cocok yen dhata cuplikan iki dianalisis kanthi cara *kompromi*.

### GAYUTANE PERKARA SOSIAL SAJRONE NOVEL ING KASUNYATAN

Panliten iki bakal nuduhake ngenani tumindhak sing ndadekake perkara sosial sajrone novel KSD anggitane C.Is. Sarjoko, uga ana ing sajrone panguripan bebrayan nyata. Tumindhak sing bisa ndadekake perkara sosial kuwi mau bakal dijlentrehake siji mbaka siji, perkara apa sing ana sajrone novel KSD uga ana perkara sosial ing urip bebrayan. Analisis ngenani bab perkara sosial sing ana ing bebrayan nyata bakal dijlentrehake ana ing ngisor iki.

#### Tresna Antarane Ndara lan Abdi

Perkara sosial ngenani katresnane pawongan kang beda drajat uga ana ing bebrayan nyata. Perkara sosial iki dumadi amarga prabedane klas sosial sing ana, yaiku antarane ndara lan abdi. Lumrahae kahanan sing kaya mangkana bakale angel dipungkasi, amarga pancene ana bageyan masyarakat kang nduweni asil pamikiran yen nduweni tresna kuwi kudu karo wong sing padha drajade. Pamikiran-pamikiran sing dicakne ing sawijine masyarakat kanthi suwe ndadekake ukum masyarakat kang ora tinulis ing batine dhewe-dhewe. Ndadekake pawongan ndueweni pikiran kang mbeda-mbedakake marang liyan, amarga dianggep beda klas karo dheweke. Cuplikan warta utawa kedadeyan kang ana ing kasunyatan bisa didheleng ana ing ngisor iki.

"Perasaan bersalah seumur hidup membuat Sephia, 46, mengakui kalau pernah berselingkuh dengan pembantunya, sebut Donjuan, 50. Kondisi rumah tangga yang awalnya adem ayem berubah jadi berantem tiap waktu. Ia makin susah saat suaminya, Donwori, 53, mengalami stroke dan kini tidak sadarkan diri di rumah sakit."

"Sephia tak menyadari jika niat baiknya mengungkap kebenaran justru berakhir petaka. Rumah tangganya tidak hanya

hancur. Anak-anaknya tak mau mengakui dia sebagai Ibu. Sephia pun diusir dan seperti tak dianggap oleh keluarga besar. Yang membuat ia menyesal suaminya harus opname karena stroke memikirkan pengkhinatan Sephia, 15 tahun lalu."

(<https://radarsurabaya.jawapos.com/read/017/11/02/23831/sering-ditinggal-suami-luar-kota-donjuan-belai-istri-majikan>)

Pethikan warta ing ndhuwur iki nuduhake yen ana pawongan kang nduweni bojo, nanging isih nali asmara marang bature. Sasuwene dheweke tumindhak sedheng, lagi wae dhewe gelem blaka karo bojone. Pungkasane bale wismane rusak, ora dianggep karo putra-putrane, lan ditundhung minggat. Perangan kang padha saka perkara ing sajrone novel KSD yaiku ngenani sawijine pawongan kang nduweni rasa tresna kang marang bature, sing ndadekake perkara sosial amarga tumindhak kaya mangkana. Perangan kang padha kaya ing novel yaiku ing babagan analisis underan panliten, perangan kang ndadekake perkara sosial mligine tresna kang luwih antarane ndara lan abdi.

#### PANUTUP

##### Dudutan

Panliten iki nuduhake yen manungsa sajrone masyarakat kuwi bisa digolongake miturut kalungguhan. Kelas sosial ana kangege nglompokake antarane golongan masyarakat utawa dadi tuladha *diferensiasi* sosial. Klas sosial nggambareke manungsa kuwi bakale dadi perangan utawa golongan apa ing sajrone masyarakat. Klas sosial ing masyarakat raket banget sesambungan karo *ekonomi*. *Ekonomi* lan pakaryaning manungsa nduweni reraketa, amarga kuwi jinis pakaryan uga bisa dadi pamedane klas sosial ing masyarakat. Manungsa sing nduwe status sosial sing dhuwur bisa ditandani saka jinis pakaryane, kayata dhokter lan buruh tani, beda banget status sosiale yen disawang saka jinis pakaryane, jinis pakaryan dhokter disawang luwih *eksklusif* tinimbang buruh, amarga oleh-olehane saka pakaryane ya beda adoh.

Kaping pindho panliten iki nuduhake perangan apa wae kang bisa ndadekake perkara sosial. Panliten iki nggambareke ngenani tumindhak, utawa pamikiran-pamikiran kang bisa ndadekake sawernane perkara. Dumadine perkara sosial kuwi mau tuwuhan saka tumindhake para paraga, sing dirasa ora cundhuk karo ukum sing ana ing sajrone masyarakat kuwi mau.

Kaping telu panliten iki ngandharake ana sawernane kedaden perkara sing sejatine bisa dilereni kanthi wicaksanan, nanging perkara sing wis ana kuwi bisa dipungkasi kanthi cara-cara kang wis ana lan lumrah.

Kayata, kanthi cara kompromi, konversi, abitrasi, koersi lsp.

Kaping papat yaiku panliten kang ngandharake ngenani nuduhake ngenani perkara sosialsing ana novel KSD nyatane uga ana ing kasunyatan bebrayan Jawa.

### Pamrayoga

Adhedhasar saka analisis sing wis diandharake yaiku panulis nduweni pepenginan supaya panliten iki bisa nambahi kawruh tumrap pangrembakane basa lan sastra dhaerah mligine kasustraan Jawa lan bisa nambahi bab kang kurang saka panliten-panliten sadurunge ngenani babagan kang saemper sing diandharake panliten sakdurunge, uga diajab supaya bisa menehi pamawas kang luwih jembar kangege para pamaca ngenani reriptaan ngenani sastra Jawa modern mligine babagan novel. Menehi pamawas tumrap pamaca ngenani ana sawernane wujud status sosial sajrone karya sastra Jawa mligine novel

### KAPUSTAKAN

- Abdullah, Mustafa dan Soekanto, Soerjono. 1982. *Sosiologi Hukum dalam Masyarakat*, Jakarta : CV. Rajawali.
- Abdulsyani. 2007. *Sosiologi Skematika Teori Dan Terapan*. Jakarta: PT. Bumi Aksara.
- Abrams, M.H. 1981. *Teori Pengantar Fiksi*. Yogyakarta: Hanindita.
- Alwi Hasan, dkk. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta : Departemen Pendidikan Nasional Balai Pustaka.
- Aminuddin. 2010. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Aminuddin, (2011). *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Altenbernd, Lynn dan Leslie L.Lewis. 1966. *A Handbook for the Study of Fiction*. New York: The Macmillan.
- Damono, Sapardi Djoko, 1978. *Sosiologi Sastra; Sebuah Pengantar*, Jakarta: Pusat pembinaan dan Pembangembangan Bahasa Depdikbud.
- Damono, Sapardi Djoko. 2002. *Pedoman Penelitian Sosiologi Sastra*. Jakarta: Pusat Bahasa depdiknas.
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Cetakan Ke-1. Jakarta: Caps.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS (Center for Academic Publishing Service).
- Faruk, 199. *Pengantar Sosiologi Sastra (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Hugh, Miali. 2002. *Resolusi Damai Konflik Kontemporer*. Jakarta. PT Raja Grafindo.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastran Jawa Modern*. Jakarta: Bumirestu.

- Jones,A. (1968). *Outlines of Literature. Short Stories, Novels, and Poems*. New York: The Macmillan Company.
- Luxembrug, Jan Van dkk, 1982. *Pengantar Ilmu Sastra*. Diterjemahkan oleh Dick Hartono, Jakarta: PT Gramedia.
- Najid, Moh. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press dengan Kreasi Media Promo.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Pratiwi, Margaret Widhy. 2013. *Ketemu Suwirane Daging*. Sleman: Azzagrafika.
- Pradopo, Rachmad Djoko. 1995. *Beberapa Teori Sastra, Metode Kritik, dan Penerapannya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Pradopo, Rachmad Djoko, dkk. 2001. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: PT Hanindita Grahawidya.
- Pusat Bahasa. 2005. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2011. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Purba, Antilan. 2010 *Sastra Indonesia Kontemporer*. yogyakarta: graha Ilmu.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ruth, Duane. 1986. *Konflik Dalam Organisasi*. Kippas. Jakarta.
- Santosa, Wijaya Heru dan Wahyuningtyas, Sri. 2010. *Pengantar Apresiasi Prosa*. Surakarta: Yuma Pustaka.
- Sayuti, Suminto. 2000. *Kajian Fiksi*. Yogyakarta: Gama Media.
- Semi, Atar. 2012. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Setiadi, Elly M dan Usman Kolip, *Pengantar Sosiologi Pemahaman Fakta dan Gejala Permasalahan Sosial: Teori, Aplikasi, dan Pemecahannya*, Jakarta: Kencana Prenada Media Group, 2011.
- Surakhmad, Winarno. 1985. Pengantar penelitian ilmiah dasar metode teknik. Bandung: Transito.
- Siswanto, Wahyudi. 2008. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Grasindo. daftar pustaka.
- Soerjono Soekanto dan Sri Mamudji, 1998, *Penelitian Hukum Normatif Suatu Tinjauan Singkat*, Jakarta : Rajawali Press.
- Soerjono Soekanto, 2003. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Penerbit PT Raja Grafindo Persada : Jakarta.
- Stanton, Robert. 1965. *An Introduction To Fiction*. Amerika: University Of Washington.
- Stanton, Robert. 2012. *Teori Fiksi Robert Stanton*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: PT. Dunia Pustaka Jaya.
- Waters, M. and Crook, S. (1990) Sociology One. (2nd edition) Longman Cheshire: Melbourne.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan* (terjemahan oleh Budianta). Jakarta: Gramedia.